

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh ngadéskripsikeun ngeunaan sistem pendidikan réligi di masarakat Kampung Naga. Dumasar kana analisis data bisa dicindekkeun yén sakabéh masarakat Kampung Naga ngagem ajaran agama islam, sakumaha halna masarakat nu aya di Jawa Barat. Masarakat Kampung Naga dina ngajalankeun kawajibanna teu macorokkeun agama jeung adat tapi dina kahirupanna teu leupas tina hakékat jeung saréat. Dina ngalarapkeun agama jeung adat istiadat masarakat Kampung Naga, hésé pikeun dipisahkeun. Ngalaksanakeun agama dina kahirupan sapopoé di masarakat Kampung Naga teu bisa leupas tina budaya nu luyu jeung amanat karuhun maranéhna. Sagalarupa kagiatan upacara ritual anu dilakukeun, mangrupa saréat anu kudu dilakonan sacara kongkrit salaku wujud pangabdian ka karuhun, sabab dina upacara anu dilakukeun anu jadi dadasarna tetep ngagungkeun Allah SWT jeung teu ménta ka nu geus paéh, sabab éta hukumna haram. Pewarisan nilai-nilai tradisional nu dilakukeun ku masarakat Kampung Naga mangrupa hiji amanat karuhun Sembah Dalem Singaparna ngeunaan opat prinsip hirup masarakat Kampung Naga, nu sacara turun-temurun kudu diwariskeun ka katurunan Kampung Naga. Pewarisan nilai-nilai tradisional masarakat Kampung Naga dina prakték pendidikan kulawarga mangrupa penanaman nilai-nilai budaya salaku amanat karuhun anu kudu ditumut jeung dilaksanakeun ku cara bener-bener. Pembinaan nilai budaya Kampung Naga, salian patali jeung tumuwuhna kapribadian sacara babarengan, patali ogé jeung interaksi anu harmonis jeung jalma disakurilingna. Budak kudu mampu miboga sikep jeung paripolah nu saluyu jeung nilai, norma, jeung moral masarakatna, kusabab hirup lain ngan milik pribadi, tapi hirup milik babarengan, anu kudu silih jaga, silih asih, silih naséhatan, ngahargaan, silih méré

jeung silih nangtayungan. Ku kituna manusa teu bisa hirup sorangan ku euweuhna bantuan ti nu séjén, manusa lemah.

5.2 Saran

Kampung Naga mangrupa hiji daérah anu unik lantaran lokasina teu jauh tina kahirupan *modérn* tapi masih miara jeung mertahankeun adat-istiadat sarta kabudayaan sesepuhna. Masarakatna anu masih miara kana adat tradisi ieu, dipiharep bisa dipertahankeun ku pihak pamaréntah, utamana dina hal paripolah kaagamaan nu teu lésot tina hakékat jeung saréatna.

Leuwih alus dina kahirupan sapopoé bisa dipikaconto ku masarakat lianna, utamana dina miara, jeung ngokolakeun alam kalawan hadé sarta bisa dijadikeun salah sahiji tujuan urang hirup di dunya pikeun ngadeukeutkeun diri ka nu maha kawasa nya éta Allah SWT. Masih loba hal nu perlu ditalungtik antawisna dina hal mertahankeun adat jeung kabudayaan masarakatna. Ku kituna dipihareup sagala rupa hal kudu leuwih jero deui ditalungtik.